

Pou Piblikasyon Imedya: 17/06/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE AKÒ POU AJOUTE 500 OFYSYE AN INIFÒM
ADISYONÈL NAN SISTÈM METRO AK BIS NYC POU AMELYORE SEKIRITE
PIBLIK, PWOTEJE ANPLWAYE AK KONBAT FWOD TARIFÈ**

***Aksyon plan global bò kote NYS, NYC, Pwokirè Distri Manhattan, NYDP, MTA, ak
TWU***

Atak sou anplwaye NYCT yo rapòte ogmante 15% nan kat ane

***Revni ki pèdi akòz fwod tarifè te ogmante soti nan 105 milyon dola an 2015 pou
225 milyon dola nan 2018; Tandans lan kontinye ak nouvo done yo pibliye jodi a
ki montre yo te pèdi 243 milyon dola nan revni nan 12 dènye mwa yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo ak Otorite Transpò Metwopoliten an (Metropolitan Transportation Authority, MTA) te anonse jodi a yon akò pou ajoute 500 polisye an inifòm adisyonèl nan sistèm Transpò Vil New York lan. Yo te jwenn akò a ak Majistra Vil New York Bill de Blasio, Pwokirè Distri Konte New York Cyrus Vance, Komisè Polis NYPD James P. O'Neill, ak Prezidan MTA Pat Foye kòm yon pati nan yon plan aksyon global pou amelyore sekirite atravè sistèm transpò an mas Vil New York lan, adrese kantite k ap ogmante nan kesyon atak sou anplwaye transpò ak konbat pwoblèm k ap ogmante nan kesyon fwod tarifè. Soti nan 2013 ale nan 2017, kantite atak anplwaye Transpò Vil New York (New York City Transit, NYCT) te rapòte te ogmante 15.2 pousan, epi revni ki pèdi akòz fwod tarifè te ogmante soti nan 105 milyon dola an 2015 pou ale nan 225 milyon dola an 2018. Nan nouvo done yo pibliye jodi a yo montre tandans monte an ap kontinye ak total ane jiska dat aktyèl lan ki atenn 243 milyon dola nan peryòd 12 mwa ki fini an Mas 2019 lan. Nouvo pwogram lan enkli tou mezi adisyonèl pou konbat fwod tarifè ak pòt soti amelyore ak siveyans adisyonèl ak kamera atravè sistèm lan. Kòm yon pati nan plan sa a, Pwokirè Distri Konte New York lan pral ofri 40 milyon dola sou kat ane pou finansse depans ki asosye ak anplwaye yo epi ofri modifikasyon nan konstriksyon ak nouvo teknoloji videyo pou sibler lokal estasyon.

"Ane sa a nou te reyisi nan fè refòm istorik nan MTA a ak ofri nouvo sous finansman konsiderab ki pral remanye sistèm lan", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Men MTA toujou afekte ak pwoblèm sekirite piblik, atak kont anplwaye transpò ak fwod tarifè k ap pèsiste - pwoblèm ki sèlman anpire nan ane resan yo. Nouvo efò a plizyè volè sa a pral amelyore sekirite sou sistèm lan anjeneral, pwoteje anplwaye kont atak enkonpreyansib sa yo, epi konbat fwod tarifè lè nou deplwaye 500 nouvo polisye an inifòm sou metro ak bis nou yo. Mwen vle remèsye TWU, NYPD, MTA ak Pwokirè Distri Manhattan pou kowoperasyon yo ak patenarya yo pou takle pwoblèm vital sa yo."

"Gwo vil ki pi sekirize nan Etazini merite metro ki pi sekirize nan Etazini", **Majistra Bill de Blasio te deklare.** "Patenarya sa a vle di plis je ak zòrèy nan estasyon yo, epi plis

polisye pou Nouyòkè ka kontakte lè yo bezwen èd. Polisye adisyonèl yo n ap deplwaye nan sistèm metro a pral pwoteje vwayajè, evite fwod tarifè ak reponn nan ka ijans."

Pwokirè Distri Konte New York Cyrus Vance te deklare, "Biwo nou an fyè pou l investi nan chanjman New York pou soti nan yon modèl kriminalizasyon pou ale nan yon modèl prevansyon nan kesyon fwod tarifè. Sa a se yon mouvman ki te kòmanse nan Manhattan, kote nou te itilize diskresyon nou pou n redwi pouswit kriminèl pou fwod tarifè sou metro pa 96 pousan. Envestisman jodi a nan amelyorasyon konsepsyon ak lòt mezi pou prevansyon ak dekourajman pral siyifye nou pral resevwa plis frè pandan mwens Nouyòkè ap antre nan sistèm jidisyè a, ak konsekans ki ka chanje lavi yo, pou yon deli ki a ba nivo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo, MTA, NYPD, ak TWU pou vizyon ak kolaborasyon yo".

"PRIORITY nou se pou n kenbe prèske sis milyon vwayajè ki itilize metro a chak jou an sekirite, epi asire kalite lavi sou tren yo an nan estasyon yo. An 1990, te gen apeprè 17,500 krim transpò, konpare ak 2018 kote te gen 2,500 krim transpò, ki se apeprè yon krim pou chak milyon vwayajè", **Komisè Polis James P. O'Neill te deklare.** "Polisye adisyonèl sa yo pral ede nou redwi krim ki deja enferyè a rekò ba yo, travay ak patnè nou yo pou rezoud pwoblèm, epi ofri vizibilite amelyore pou evite vòl sèvis - pandan n ap tou evite krim ak dezòd pou rive inisyaman."

Prezidan ak Direktè Ekzekitif Jeneral MTA Patrick Foye te deklare, "Peye frè tikè metro oubyen bis ou an pa opsyonèl, epi lè w fè fwod kont sa, li afekte tout kliyan nou yo. Jodi a n ap pran mezi vital pou akteri resous MTA an bezwen pou amelyore sistèm lan, pandan l ap pi byen pwoteje gason ak fanm ki kenbe Nouyòkè an mouvman. N ap fè sa san nou pa anplwaye nouvo travayè, pou asire resous n ap rekipere lè nou redwi fwod tarifè ap ale dirèkteman nan amelyore sèvis metro ak bis lan. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo ak lejislati eta a pou lidèchip yo sou kesyon sa a, epi rekonèt fwod tarifè kòm yon pwoblèm k ap grandi ki merite solisyon".

Prezidan Entènasyonal TWU a John Samuelson te deklare, "Pandan plis pase yon deseni, TWU te mande administrasyon MTA pou l pran responsablite l pou l aji ak pwoteje anplwaye nou yo kont atak terib yo - tankou resevwa kout kouto, kout pwen, kout pye ak krache. Konsantrasyon Gouvènè a nan redwi atak kont anplwaye transpò yo rete yon etap vitalman enpòtan vèlavan pandan n ap fè efò pou asire manm TWU gen sekirite ak pwoteksyon ki ogmante. Pwogram sa a pral rann piblik vwayajè a an sekirite, manm nou yo an sekirite epi responsabilize vwayajè yo pou yo peye pati ekitab pa yo an pou sistèm lan gen resous li bezwen yo".

Pwoblèm fwod tarifè nan MTA asosye ak rapò k ap ogmante sou kesyon atak sou anplwaye MTA yo te mennen a enkyetid kay anpil vwayajè ki kwè gen yon pi gwo nesite pou prezans lapolis nan sistèm metro ak transpò an. An 2018, te gen 101 atak kont anplwaye transpò ki kalifye kòm krim ak deli minè. Te gen tou 26 ka kote anplwaye yo te resevwa menas epi 2,318 ensidan asèlman kont anplwaye transpò soti nan vyolans vèbal ak kontak san blesi. Depi yo fin etabli l totalman, Gwoup Travay Aplikasyon Frè a - ki konpoze de 200 polisye NYPD, 300 ofisye Depatman Polis MTA ak Ofisye Pon ak Tinèl, ak 70 manm Ekip Eg Transpò Vil New York (New York City Transit Eagle Team) - ki pral deplwaye nan lokal yo sible ki gen pi wo nivo ensidan atak sou anplwaye MTA ak estasyon metro ak wout bis ki gen to vwayajè ki pi wo yo.

Anplwaye adisyonèl MTA an pral resevwa fòmasyon pou sipòte efò sa a anvan yo deplwaye yo.

MTA ansanm ak biwo Pwokirè Distri Konte New York te antre nan yon akò, nan kad sa a, biwo Pwokirè Distri Konte New York lan pral ofri 40 milyon dola sou kat ane pou sipòte aksyon anti-fwod tarifè MTA yo. Fon yo pral ale nan fòmasyon ak ekipman pou manm ekip anti-fwod tarifè, sa enkli Depatman Polis MTA, ofisye Pon ak Tinèl, ak NYPD. Anplis de travay sou aksyon anti-fwod tarifè, ekip prevansyon fwod tarifè yo pral ofri pwoteksyon adisyonèl pou sekirite anplwaye bay anplwaye MTA yo. Fon an pral sipòte tou teknoloji amelyore nan estasyon, menm jan ak ranfòsman enfrastrikti, epi ede nan rechèch nouvo konsepsyon estasyon pou aksè a wout yo. Mentyen nan aksè a sistèm metro a kontinye ede amelyore sekirite pasaje yo. Fwod tarifè rete ilegal epi li ka fè yo arete fwodè a, menm si majorite yo resevwa yon konvokasyon biwo abitraj transpò oubyen yon konvokasyon devan tribinal kriminèl.

Aplikasyon konsantre an gen de objektif prensipal: pou maksimize resepsyon frè tike epi asire aplikasyon pap sible pyès demografik espesifik. Manm ekip travay yo pral dekouraje fwod tarifè atravè prezans fizik yo ak atravè emisyon konvokasyon Biwo Abitraj Transpò. Eleman nan plan an konsantre sou edike pasaje MTA yo epi yo pa gen entansyon pinisyon oubyen ogmante kantite arestasyon yo.

Nouvo pwogram lan ekli tou pozisyonman 100 Wayfinder NYCT tou pre zòn frè metro, amelyore pòt sòti espesifik, epi ajoute plis siveyans ak kamera CCTV atravè sistèm lan. MTA an pral entwodwi tou yon nouvo, kanpay kominikasyon anti-fwod tarifè, ak afich nan estasyon, mesaj vokal sou tren ak nan estasyon yo, ak mesaj radyo. Anplis, Konsèy MTA a te resaman apwouve Kat Metro frè konplè pou elèv Vil New York, pou alafwa diminye fwod tarifè ak asire ekite nan pwogram Kat Metwo pou etidyan an.

Nouvo mezi sa yo pral konplete efò ekzistan NYPD ak MTA pou konbat fwod tarifè, sa enkli reyaktivasyon pilòt alam nan pòt sòti MTA a, sansibilizasyon edikatif ak Depatman Edikasyon an (Department of Education) nan Vil New York, Gwoup Entè-Ajans Jistis Kriminèl lan (Criminal Justice Interagency Group), deplwaman Ekip EAGLE sou liy Sèvis Bis Espesifik, ak pilòt Ekip EAGLE sou bis lokal nan Bronx ak Staten Island.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)